

GID KONFÒMITE POU VÒT AVÈK KLASMAN CHWA YO

ENFÒMASYON POU KANDIDA NAN ELEKSYON POU LAMERI

Vòt avèk Klasman Chwa yo (RCV) te enplemente nan lane 2021 pou eleksyon primè ak eleksyon espesyal majistra Nouyòk la, defansè publik, kontwolè, prezidan awondisman an, epi manm Konsèy minisipal la. Sa p ap itilize nan eleksyon jeneral yo. Pou eleksyon primè ak espesyal yo, RCV chanje fason moun yo vote, epi kandida yo ka chwazi novo fason pou mennen kanpay.

NOUVO FASON POU VOTE

Avan 2021, nan eleksyon primè oswa espesyal yo, elektè yo te konn chwazi yon kandida. Nan yon kous pou Konsèy minisipal oswa pou prezidan awondisman an, kandida ki fè plis vòt la genyen, menm si sa vle di yon gayan ki te fè mwens pase majorite vòt yo. Pou eleksyon primè minisipal ak eleksyon minisipal espesyal, si okenn nan kandida yo pa te fè mwens pase 40% vòt, yo te fè yon dezyèm tou pou de (2) pi bon kandida yo.

Avèk RCV, dezyèm tou yo elimine. **Yo ka klase Elektè jiska senk kandida selon lòd preferans**, olye yo chwazi yon sèl. Si yon kandida fè plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, li genyen eleksyon an. Si pa gen okenn kandida ki fè plis pase 50% nan vòt premye chwa yo, lè sa a yo pral nan lòt tou. Nan chak tou, kandida ki gen mwens vòt la ap elimine. Si yo elimine kandida ki pi wo nan klasman ou an, vòt la ap pase pou pwochen kandida ki vin pase pou pi wo nan bilten vòt la. Pwosesis la kontinye jiskaske gen sèlman de kandida ki rete. Kandida ki gen plis vòt la genyen. Aprann plis sou eleksyon RCV yo ak pwosesis tabilasyon an [la](#).

KANPAY ELEKTORAL RCV

Kanpay elektoral primè ak espesyal ka parèt diferan ak RCV. Avan sa, chak eleksyon elektè yo te gen yon sèl chwa, epi kandida yo te nan konpetisyon pou gress chwa sa a. Selon RCV, puiske yo ka klase Elektè yo jiska senk kandida selon lòd preferans, kandida yo ka chwazi mennen kanpay non sèlman pou vòt premye chwa yo, men tou pou chwa dezyèm chwa yo, twazyèm chwa ak chwa klasman enferyè yo.

Bay sipò ak/oswa fè kanpay ak advèsè **p ap** konpwomèt elijibilite w nan fon publik yo **depi w ap fè pwomosyon pou kandidati pa w tou**, menm si w ap chache vòt ki nan klasman ki pi ba.

- ◆ **Edike sipòtè w yo sou RCV.** Pataje paj ak [FAQ Vòt avèk Klasman Chwa](#) NYC Votes la avèk sipòtè w yo pou jwenn enfòmasyon klè ak konplè sou RCV a, ak tout enstriksyon pou elektè yo sou kòman pou ranpli yon bilten vòt RCV. Raple elektè yo pou klase chak kandida yonsèl fwa paske se sèl klasman kandida ki pi wo a k ap konte. Raple yo tou pou chwazi yon sèl kandida pou chak klasman, paske si yo chwazi plizyè kandida pou yon klasman, sa ka fè yo elimine bilten vòt yo a.

- ◆ **Panse ak fason ou pral mennen kanpay. Fason ou mennen kanpay la depann de ou.** Ou ka menne kanpay sèlman pou premye vòt yo, ou ka mennen kanpay pou vòt ki nan klasman enferyè yo, oswa ou ka mennen kanpay pou yon konbinezon klasman.
- ◆ **Sonje nan aswè jou eleksyon an, rezulta ofisyèl yo pa konplè.** Bilten Vòt yo voye lapòs yo, ak tout bilten vòt moun ki absan yo, militè, ak vòt ki nan peyi etranje yo, rive nan jou apre eleksyon an e yo dwe vini epi konte avan Konsèy Elektoral Nouyòk la sètifye rezulta yo definitif eleksyon an.

ALÈT KONFÒMITE

- ◆ **Ou ka sipòte youn oswa plizyè nan advèsè w yo.**
 - › Nan yon kous RCV, tout tan ou fè pwomosyon pou pwòp kandidati ou, mennen kanpay avèk advèsè w yo, oswa sipòte yo, advèsè w yo p ap mete elijibilite w an danje nan fon publik yo.
 - › Sepandan, si w fè pwomosyon pou kanpay yon advèsè san w pa kontinye fè pwomosyon pou tèt pa w, w ap pèdi elijibilite w nan fon publik yo.
- ◆ **Si w ap mennen kanpay ak kèk advèsè, deside pou pataje depans yo.** Nan yon eleksyon RCV, si yon depans ap bon pou nou de, ni pou kanpay pa w ak pa yon advèsè:
 - › Ou ka chwazi pou peye li kòm yon depans kanpay dirèk. Mete sèlman kanpay ou a sou yon lis avi pèman davans epi dokimante depans yo selon egzijans ki nan [Gid finansman kanpay la](#). CFB a pa vle di kandida yo sipòte youn lòt nan eleksyon RCV a angaje nan depans konjwen yo.
 - › Ou ka chwazi patajee depans yo avèk yon lòt kanpay kòm yon depans kanpay konjwen Fè yon lis tout kanpay k ap patisipe yo sou tout avi pèman, divize depans yo nan fason ekitab baze sou avantaj chak kanpay ap resevwa, dokimnate poukisa pataj la an ekitab, ak asire w kanpay yo peye montan kòrèk la.
 - › Si w ap sipòte yon adèsè publikman pou klasman 1 epi ou menm pou klasman ki pi ba nan youn nan dokiman ekri ak peye nan kanpay ou a, ou dwe pataje yon pati nan depans yo bay lòt kanpay la, swa tankou yon depans konjwen oswa endepandan. Yon depans endepandan ka mennen nan yon rediksyon fon publik yo pou kanpay ou a. Gade Chapit 3 nan [Gid finansman kanpay la](#) oswa kontakte Sèvis Lyezon Kandida w la pou jwenn plis konsèy.

PWOFITE DE KANPAY LA AVÈK RCV!

RCV ka pèmèt ou kominiye ak elektè, lontan ki pa t ap sipòte kandidati w la. Ou ka jwenn materyèl edikatif sou RCV pou CFB yo [isit la](#).

Si w gen kesyon konsènan RCV ak kijan li fè enpak sou konfòmite kanpay ou a oswa sou fon publik yo, tanpri kontakte CandidateServices@nyccfb.info.